



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE \$30 MILYON DOLA NAN PWOJÈ DEVLOPMAN EKONOMIK AGRIKÒL POU REJYON SID LA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse plan pou l ede bouste ekonomi agrikòl nan Rejyon Sid la – youn nan rejyon agrikòl pi divèsifye eta a ak yon gwo potansyèl pou kwasans. Bidjè Gouvènè a va rann disponib \$30 milyon dola pou pwojè kap ede fèm ak biznis agrikòl grandi atravè zòn lan, ak plis bourad lajan pou ede pwojè devlopman ekonomik agrikòl byen espesifik.

“Sektè agrikòl New York se youn nan motè aktivite ekonomik ki pi enpòtan yo – espesyalman nan kominote nò yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Grasa bourad lajan sa ki nan bidjè a, nou kapab fè yon kokenn investisman nan lavni agrikiltè ak vandè lokal atravè Rejyon Sid la, epi mwen fyè pou m vanse sektè esansyèl sa pi devan ane sa ankò.”

Nan kad inisyativ sa, \$25 milyon va ede agrikiltè ogmante pwodiksyon agrikòl yo sou fèm yo epi ogmante pwofi yo. Bourad lajan va sipòte tou agrikiltè pou yo pi byen jere resous anviwonman yo. Pwojè ki resevwa bourad lajan eta a ka resevwa jiska \$100.000, ki pral ale nan bourad lajan jiska 75 pousan yon pwojè ki kalifye. Kandida responsab pou lòt 25 pousan an, epi tout pwojè yo dwe fini yon lane apre kontra a siyen.

Sila ki kalifye pou aplike pou pwogram sa se tap: moun, patenarya, asosyasyon, koperativ, kòporasyon, oswa LLC yo kap jere yon “Antrepriz Agrikòl” jan sa defini nan seksyon 301 Agrikilti ak Mache. Depans yo ta ka kouvri konstriksyon, renovasyon, irigasyon, drenaj, amelyorasyon anviwonman, kloti, sistèm treyi ak sè.

Aplikasyon ki kalifye pou aspè jesyon anviwonman pwogram sa ap blije te patisipe, nan lwa lane k sot pase yo, nan yon pwogram jesyon anviwonman agrikòl, tankou NYS Agricultural Environmental Management Program ak USDA Natural Resources Conservation Service Conservation Program.

\$5 milyon nan bourad lajan sa va ale pou pwojè devlopman ekonomik byen espesifik, tankou espansyon mache agrikòl ak pwojè pwodiktivite forè, ansanm ak investisman pou estimile kreyasyon travay agwoendistriyèl nan kote tankou izin transfòmasyon manje nan Rejyon Sid la.

Komisyonè Agrikilti Eta a Richard A. Ball te di konsa, “Bourad lajan sa ki nan Bidjè Gouvènè a pral fè yon rejyon agrikòl ki deja solid isit nan New York vinn pi solid. Antanke youn moun ki vwayaje souvan nan Rejyon Sid la, mwen konnen rejyon sa chaje ak opòtinite pou kwasans ekonomik agrikòl. M espere travay ak Gouvènè a ak lidè yo atravè Rejyon Sid la pou fè vizyon sa tounen yon realite nan yon tan ki pa twò lwen.”

Manm Asanble Donna Lupardo te di konsa, “Agrikilti se yon motè ekonomik enpòtan nan Eta New York, ak yon eleman esansyèl nan estrateji rejyonal alontèm Rejyon Sid la pou kwasans. N ap travay ak patnè kominote lokal nou yo pou agrandi epi ogmante ekonomi agrikòl rejyon an atravè plizyè mwayen, tankou devlopman komès. Bourad lajan ki pwopoze a pou pwòje agwoendistriyèl koresponn byen ak travay Konsèy Rejyonal la ap fè kounye a, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou angajman san fay li pou Rejyon Sid la.”

Manm Asanble Clifford Crouch te di konsa, “Agrikilti ap devlope isit nan Eta New York, ak vant san parèy, menm enterè a ak potansyèl vyèj isit nan Rejyon Sid la. Bilan Rejyon Sid la nan zafè agrikòl peze lou epi n ap fè anpil bon bagay. Bourad lajan sa ki nan bidjè Gouvènè a pral ede agrikiltè ak pwodiktyè nivo mondyal nou yo pou yo fè travay yo pi byen, pandan n ap fè investisman espesifik nan sektè kap kreye dyòb.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418